Соколёнок

# Лачен

1/2019
январь – февраль

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХІУКУМАТАЛЪ КІИ-КІИ МОЦІИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ГЬИТIИНАБ АКАДЕМИЯ



2017-абилеб соналъул 15 августалда жиндирго хIалтIи байбихьана Дагъистаналъул ГьитIинаб ГIелмияб Академиялъ. Гьелъул мурадлъунги ккола эркенаб заманалда гIолеб гIелалъе тIадеги лъай кьей, гьезул сунде букIаниги рокьи бижизаби, тIасабищараб махщел камил гьабиялъе кумекги кверчIвайги букIинаби. Гьелъ гъорлъе рачуна 12-16 сонил ригьалда ругел лъимал. Гьезул рес буго цIолбохъанлъи, тIегь-хералъул, аквариумалда ччугIби гIезари, гIолев турист, гIолев крайлъазабулев, школлаъул гIумруялъул цевехъан, кьурабалъе ххари, фантазиягун творчество, гIарац–меседалъул устарлъи, халичаби ресси, кверзул махщалил устарлъи, аэроквантум, робоквантум, ингилис мацI, шахматал, кьурдухъанлъи, кочIохъанлъи, гIолев журналист, гIолев телеоператор гIадал жеги гIемерал рахъал тIаса рищизе. ЦIалудаса эркенаб, киданиги нахъбуссун щолареб къиматаб заман гIадада тIамичIого, тIадеги лъайги махщелги лъазабизе лъималазе рагьарал нуцIби руго ГьитIинаб ГIелмияб Академиялъул! Гьелъул цоябниги тIаса бищизе, гьеб бокьизе, гьелъул лъикIал хIасилал рукIине, рикIкIа–рикIкIаде – Дагъистан бахун къватIирехун тIоритIулел махщелги лъайги тIокIал гIолилазул къецаздаги бергьун, улкаялъеги халкъалъеги, нужго рижараб ракьалъеги пайдаяллъун лъугьине нужее икъбал кьеги, нижер гIисинал «лучнул!» Гьединаб икъбал ккарал лъимал гьенир гьанжеялдего чанго руго, гьездаса мисал босизе ва жеги цере ине нужерги рес буго, амма кинабго бараб буго кIвахIтун цIалиялда, махщеллъай гIатIид гьабиялъе нужедаго бажарарабщинаб гьабиялда.









Риидалил каникулазул заманалда Шагърудин гелбахъдерил ракьалда бугеб ашбазалда хъаравуллъун хIалтIулев МухIамад-дацихъе щвана. Гьениб ахикь гьесул берчIвана цоцалъчIван расандилел ругел турщузда. КъинтIуригIан чIегIерал, гIундулги даларал, беричал жал ругоан лъабалго. Цоялъ цояб гъоркьтIад тIамун, гIин ккун, недегьго хIанчIарун, расандилел ругоан гьел. Гъоркье ккаралъ тIасияб, нахъисел бохдуз хачан, нахъе рехулеб букIана. Квасул нухи гIадаб цояб аскIобе бачIана ва хьитида сентIана, цинги нахъегIанги ун, къватIибе багIараб мацIги баккун, гьасухъ балагьун чIана.

– Гьеле гьеб баче дуего, цIодорабги буго, недегьабги буго. Бокьараб пишаялъе ругьун гьабизеги бегьула, – ян абуна дацица.

– Жеги гьитIиналго жал гьечIищ, эбел кий йигей гьазул? – ан Шагърудиница аскIобе ахIана добго таращ. Гьебги, цевего лъалев вукIарав чиясухъе гIадин, килищгIанаб рачIги хьвагIезабулаго, хисда-хисда эхе-эхедеги кIанцIелаго, данде бачIана.

– Гьал немцазул овчарка гьведул руго, рихьулищ, квачIал гIебал руго. Гьанире рачIаразухъа нахъе хутIараб квен-тIех кьун хIебтIун ругоха пуланал, – ян угьун биччана дацица.

ГурхIизе бачIана Шагърудилин гьезда, киндай эбелалда кIолеб жиндирго рижи рехунтезейилан. Къойил рахьги щолеб букIарабани, дагьалги сахалги, гIанчIалги ва лебалалги рукIинародай. Эбелалъул хьибилцун рега-рахъун, цинги расандун, ракъи-къеч бихьичIого чIахIиял гIелаанилан ва лъабабго рокъобе инилан пикру гьабуна.

– Дуца гьаб мун сверун лъугьун бугеб баче, цогидазеги чи камиларо, – ян абуна МухIамад-дацица, васасул пикру бичIчIараб гIадин.

ЧIегIераб къвачIинибги лъун, каранда цебеги ккун босана таращ. Гьеб цIирцIидичIо, амма гьоркьо-гьоркьоб тIелхазул ракьанлъаби риччарал бераз гьасухъги балагьулаго, гIисинккун сородулеб букIана.

Азбаралде щведал, цо дагьалъ кIусунги чIун, цебе лъураб суркIиниса «лакго-лакIан» гьанал чурпа чIикIана, хадуб, махIги сунтIулаго, киса-кибегоги хьвадун, сверухълъиялъулгун лъайхъвай гьабуна. Анкьидасан, жиндаго ракIчIоларого букIараб таращ, гьанибго гьабураб гIадин, таваккалго хьвадизе лъугьана. Шагърудиницаги, «Ветеринар» тукадаса хIутI-хъумур чIвалеб даруги босун, лъикIго чурана гьеб.

Цо къоялъ магIарухъа эхе ячIана



ХIали-кIодо. Гьей кавудахъан якка-райго, таращ гьелда данде ана ва ма-чуязда махI сунтIана.

– Фу-у-у, рижибакъвад, мунги киб букIараб, хъублъизабуна тIолабго партал! Шагьрудин, нахъегIан гьа-бея гьаб махIцел, – ан кIодоца гIанса тункана гьелъул нодобакьулъ.

Гьеб параялъго таращ, цIицIидилаго, нахъе тIурана ва кIодо рокъое ун яхъинегIан, цолода нахъасан балагьун чIана.

МалъгIанаб гьелде ягъизе бе-гьиларилан кIододехун разилъи гьечIолъиги загьир гьабуна Шагьру-диница. Гьеб махIцел гурила, Рекс бугила.

Кидаго, кIодо цее яккигун, аз-баралъул бокIнилъ бугеб бакIида гъоркьеги лъугьун, квачIазда хве-нехги лъун, надилъан гьелда хадуб халккун чIолаан. КIодоцагиха: «Цо дица», – ян гьункьараб ххвел гьабу-лаан. ХIинкъизабизе кколарилан, таращалъул рахъги ккун, кIодол гьел богIолабаздаса рази гьечIого Шагьрудинги вукIунаан.

Цо къоялъ кIодо йикIана ахикь, гIечугъотIокь, как балей. ДорегIан ругел кIодол мачуяздаги

цIиндакIаздаги басандизе лъугьана къватIиса бачIараб катил тIинчI. Гьеб бихьана Рексида ва хIапделаго тIаде ана – катица гьеб ракь-мухъго тана. Жинца тIадаб иш гьабураб гIадин, кIодоца как бан бахъинегIан, гьелъул парталги цIунун чIана. Гьей какикьжоялда гIодой чIарайго, хехгьабун жиндирго рукIнибеги тIерхьана.

– Шагьрудин, бабал, гьаб дур ресукъ цIодораб жо бугеб къагIидаха, рагIарабищ, дир парталгицин цIунулеб буго. Гьаб гIансаялъул гьунарцин батичIониха, – ян ахIана кIодоца.

– Гьеб Рекс буго, ресукъ гуро, кIодо, – ян абуна Шагьрудиница гьей таращалде тIаделъиги рекIее гIечIого.

– Щиб бугони щиб, гьой буго. Цо кваназе гурони, щиб гьалда кIолеб? – ан цIех-рехалде яна кIодо.

– Жеги гьитIинго буго. Дагь-дагьккун ругьунлъизабизе гьабулеб буго. Хадуб бокьараб малъараб гьабизе кIвезе буго гьалда, – ян абуна васас.

– Кинаб дерец? – ан гьикъана «дрессировать» абураб рагIул магIна бичIчIичIей кIодоца.

– Дерец гуро, баба, ругьун гьабизе абун буго гьеб рагIул магIна, – ян цевеса тIагIана Шагьрудин.

Цо къоялъ кIодо хутIана гIанса батуларого. Гьей яккичIеб бакIго хутIичIо авал-къоноялда. НагIана шайтIаналъейилан гъулгъудилей йикIана. Ахиралда кинабго Рексаде бугъана: «Таращалъул хIалтIи буго гьаб. Рагьда, доре-гьанире рехъерхъун, хьитазул гьабулеб базар бихьуларищ. Дуца, Шагьрудин, инжитаб пишаялде ругьун гьабуна гьеб, дол таргIалгун басандизе тIамун. Балагьун рукIана, цо къоялъ гьакIкIан кIалгун тела нуж гьалъ бищунго хIажатаб тIагIелги ун», – ян лъугIизабуна кIодоца жиндирго вагIза.

Тукадаса багIарабги тIогьилабги кIигогьитIинабторгIобачIунбукIана ШагьрудиницаШагьрудиница. ГIемераб къо бихьана гьесда таращ таргIалгун басандизе куцалаго. Азбаралъул бокIнилъе торгIоги рехун, таращ гьусулаан гьеб босун бачIине. Амма гьеб, кIанцIунги ун, гажазги ккун торгIо чIамизе лъугьунаан. Жинцаго гьес чанцIулго бихьизабуна гьеб пиша тIубазе кколеб къагIида. ГIемерал гьединал дарсаздаса хадуб, Рекс ругьунлъана цо-цо гIисинал тIадкъаял тIуразе.

ГъотIода тIад жага бетIулев Шагьрудинги вукIана, гьев рещтIиналъухъ балагьун гъоркь Рексги букIана. цинтIаго гьеб, цIивуги бачунаго, жиндирго рукIнибе тIурун ана. Халгьабидал, гъоркь бугоан кIодол гIанса. Гьеб тарщида щвараб къагIида.

– Ва, кIодо-о, кIодо-о, батана дур гIанса, жага бетIулелъул, дуцаго гIаркьалида бан тун букIун буго! – ян ахIдана Шагьрудин болъодул хIокIида гIодой йикIун йигей кIододе.

– Шагьрудин, хех гьаниве вачIа, хъублъана гIанса, анкьцIул къулгьуги цIалун чуре. Гьалъул ничгьечIолъи бихьуларищ, – ан ахIи бахъана кIодолги гьеб параялъго.

Балагьидал, Рекс бугоан, гажаз бакьулъа гIансаги ккун, кIодода цебеги чIун, рачI хьвагIезабулеб.



# ДИР РАХЬДАЛ МАЦI




Дун гъаюраб къоялъ, къулун тIадегун,
ТIегьилан абуна, дида эбелалъ;
Гьеб рагIи букIана магIарул мацIалъ
МагIарул чIужуялъ чIухIун абулеб.

Гьеб мацI дие кьуна мугIрул чIужуялъ,
Жиндирго хирияб хазина гIадин.
Эбелалъ жиндийги кьун букIанила,
Кьейила дуцаго дурго лъимаде.

Гьеб  мацI дие кьуна магIарулаца
МагIарул намусгун, бечедаб ирслъун.
БацIцIадго цIуне гьеб, бечед гьабе гьеб,
Гьелда ахIе дуца хIасратаб кечIан.

# ГІУМРУДУЛ КЬИБИЛ




Чорхолъ унти – эбелилан ахІула,
РекІелъ рохел – эбелилан ахІула.
Эбел херлъуларо, эбел холаро,
Эбел ккола нилъер гІумрудул кьибил.

ГьечІо Аллагь – цохІо Аллагь гурони,
ГьечІо эбел – цохІо эбел гурони.
Эбел, эбел, эбел, эбел – рекІел тІегь,
ТІогьиллъи лъалареб, бечІай хъвалареб.

Эбелалде бугеб хІасратаб рокьи
Бакун те кидаго, хІедул чирахълъун.
Нагагьлъун гьеб рокьул чирахъ сварав чи –
ЖужахІалъул цІаялъ вухІизе виччай!

*Рукъият ГIалисултанова*

## КЬЕГIЕР

КIудадал гIиял рехъалъ
Гьабун батана кьегIер,
ТIулакьераб расалъул,
Сверун берал чIегIераб.

Басандула, кIанцIола,
КIихIатIида кьурдула,
Бекерун гогьдаризе
Азбар гьелъий гIоларо.

Бакъанида рехъалъа
Эбел рокъобе щведал,
Рахьдад гIорцIун, разилъун,
КIвахIалго бегун чIола.





## КАТИТIИНЧI

Рокъоб жаниб тирулеб
КатитIанчIил тирилъи,
Кодой бачун чIолареб,
Басандизе гIедераб.

Кьижарал лъималазул
БачIун, хIатIал хIанчIулеб,
Расандизе рахъаян
Гъурмада лъурлъудулеб.

***

Вай дур цIодорлъи щиб,
Дарман Хъандулай!
Дур узданлъиго щиб,
Баба чIахъаяй!
Вай дур гьуинлъи щиб,
МугIрузул багIли! –
Росдал баргъичалда
ГьитIинаб нагIли!
Ингишоб баккараб
Хасалил бакъалъ
Бекьун танагури
РекIелъ тIогьол хур!
Дун хIайран гьаюраб
КочIол буракъалъ
БачIун, цебе лъуна
Дун гьитIинаб мех...
Дуе нух битIаги,
ТIинай Хъандулай,
Нилъерго мацIалъул
Борхалъиялде!
КечI цIалулеб мехалъ
ЦIорол ясикIо –
Сунгеги дур рокьи
Рахьдал мацIалде!



* * *

АхIмадов ГIабдул-Васи,
Воре баче адал квер,
«Дир гьайбатаб Алипба»
Бокьун бугин дуй кьезе.

Кьурабазда бис гIадав,
ГIегиха мун, бихьинчи!
ГIагараб миллаталда
РагIаги мун, бахIарчи!

Бице, адал цIодорав,
ГьоцIо гIадаб рахьдал мацI,
«ЦI»-ги «Къ»-ги гъорлъ бугеб
Нилъерго къуватаб мацI!

Валлагь, мугIрул бацI вугин
Бице, щиван гьикъани!
Таллагь, Хунзахъа вугин
Абе, росу цIехани!

1

# Ингишдерил тIанчIазе

* * *

Ворея, Имам-ШапигI –
ГIали – кIудадал бурутI!
Бокьиларищ дуеги
«Дир гьайбатаб Алипба»?

Ингишое щваниги,
Мунги кодовго щвечIо...
Аллагьас хъван батани,
Вихьилин хьулги буго.

Босеха, гьудулавчи,
Гьаб тIехьги дир саламги!
Саламатав бахIарчи,
Аллагьас мун цIунаги!

Ингишоб унеб бугин
Цо тагьиги батараб!
Дуда кодобе кьелин
«Алипба»-йин абураб.

22

* * *

Хундерил тIалъиялъул
Гъаб анцIабго тIанчIие,
Рахьдал мацI хиралъидал,
Халат бахъараб хъат чIвай!

Хунз чIухIизе рес бугел
Бисазегун буртIазе,
ТIокIаб нахъ бахъичIого,
Хъаладухъ байрахъги чIвай!



21



2

* * *

Хундерил тарихалъул
ГьитIинав мутагIилав,
Гьелъул тIабгI борхатго ккве,
ГьитIинав МутагIилав!

Инарин, щвеларилан
Хунзахъейин йикIана,
Мун вихьизе къваригIун
КъвачIа-хьит бакIарана.

КIарчамго гIагараб мацI
Бицунев мунги ватун,
Валлагь, чIаго хутIулин
Дир миллатин йохана.

Рахьдал мацI гьуинлъизе
Адаца дуе жакъа,
Кампеталъул бакIалда,
БачIун буго «Алипба».

3



20



* * *

Хирачилаев ХIабиб
Вугеб бакI лъараб къоялъ,
Къвалакь ккун «Алипбагун»,
Къокъанаха Хунзахъе.

Духъе гIедегIулаго
ГIодой ккезе яхъана,
Ахирги чIаго-гIатIго
ТIаде Хунзахъе щвана.

ВачIая, гъудулавчи,
Бачея квер, бихьинчи!
Нилъерго мацI бокьизе
Мая дуе кумекчи!

19



4

* * *

ХIусенова Айзай,
Дур кIарчалъми щиб?!
КенчIолеб цIар бугей
Дур гьайбатлъи щиб?!

Дудаго релълъараб
Рахьдал мацIалда,
Хунзахъа меседо,
Мун кIалъалейищ?

ЯчIая адаца
Убач гьабизе,
«Алипба»-гун цадахъ
Цо данде къазе!

МагIарул мацIалда
ЦIвацин кIалъалел
МугIрузда гIолей духъ
Урхъи рагьизе!

5



18

* * *

Хундерил тIалъиялда
ГIолеб бугеб цо тIегьин
Дирго гьудулалъ еццун,
Йокьарай куц Калимат!

МагIарул мацI, лъим гIадин,
Лъалей СагIадуева
Дирго каранде къазе
Яхъанаха къватIие.

КъотIноб бекерахъдулеб
КатитIинчIалъги бицун,
Гьей цIалулеб школалде
ЦIан йитIун тIаде ккана.

Маха, месед, дуеги
Духъ урхъараб «Алипба»,
Нилъерго мацI гурони,
Бицунге гьаб тIалъуда!





* * *

ГIумардада цIар бугев
ИмангIалиевасул
РагIунни букIарабха
Хундерица бицунеб.

Бихьинаб гIамалалъул
Гьес салам кьун хадуса,
Хадур ралагьун чIолин
ЧIухIараб чIахIияб гIел.

ГIезе ккела диеги
ГIумардадалгун лъай–хъвай...
ВукIинеги гьединав
ВукIун вуго, вабабай!

Гьебни щиб, рахьдал мацIалъ
Эв кIалъалев куцила!
Воре дун гьесий кьейин
Кьуркьудана «Алипба».



* * *

Пирбудагъова щийдай? –
Сакинат йикIун йиго!
Гире, дарман, адахъе
Дуйго «Алипба» кьезе.

Цо кьегIер дандеги чIван
Мун цIехолей йикIана,
Йигейха гьединайин
Хунзахъилан бицана.

Цо гьуинай жойила,
Жавгьарул горойила,
Рахьдал мацIалъ гаргалей
Эй рагIизе лъикIила...

Лъана, ятана гури
Ададаги Сакинат.
КьегIер битIун батана, –
Тамашагун гIаламат!





15 8

* * *

**ГІисалмухІамадова**
**Аминат лъазе бокьун,**
**Бегунго чІоларого**
**БукІана гьаб «Алипба».**

**Элъул рахьдал мацІалда**
**ТІорахьцин букІунилан**
**Бицунелда божана**
**Жакъа щвараб «Алипба».**

**Щуйил гІурус мацІалъе**
**Гьелъие щваниги щиб,**
**Жиндирго мацІ бокьиялъ**
**Анлъилаб гьелъий лъуна.**

**ЯчІая, адал бика,**
**Баизе дур кІаркьада.**
**Хунзахъа Аминат лъан,**
**Йохарай дун – гьардарай!**



9



14



* * *

МухIуев Къасумилан
КъвекIаб цIум гIолев вугин
Хунзахъилан бицана
Боржун унеб цо хIинчIалъ.

Цо эсул цIодорлъийин,
Рахьдал мацI хиралъийин,
Хабар рагIаралдаса
РахIат хвана урхъиялъ.

«Алипбаялда» дуе
Къуркъбузул кечIха бугеб,
МагIарул къуркъбуздацин
МагIарул мацIха лъалеб.

Лъазе гъабе, хазина,
Нилъерго мугIрузул мацI,
Расулица Дагъистан
РагIизе гъабураб мацI!

13



10



* * *

МухIамадов Ибрагьим,
Унго мунги вихьилин
Хьулни, валлагь, букIинчIо,
БачIая, кьегIер, дихъе!

Хунзахъ гIолев бахIарчи,
ЧIухIарал бисазул тIинчI!
Бихьинаб магIарул мацI
ЦIуне, билизе тоге!

Хвалченги чуги гIадаб,
Мунго гIадинаб гучаб
Нилъерго мацI бокьизе
«Дир Алипба» ма дуе!



11



12

## Корней Чуковский

# ХIикматаб гъетI!



Нижер кавудахъ, лъимал,
ХIикматаб гъетI бижана,
ХIикматаб, цIакъ хIикматаб,
ГIажаибго батIияб!

Гьелда тIамхал раккичIо,
Гьелда тIугьдул тIегьачIо,
Башмакъалгун щватаби
Рижун руго, гIеч гIадин.

Эбел ахикь сверула,
Гьелъ гъотIодаса тIола,
Хьиталги, чакмабиги,
ЦIи-цIиял калошалги.

Эмен ахикье уна,
Гьесги гьеб гъетI бетIула,
Эбелалъе – мачуял,
Зинае – ботинкаби,
Ва Нинае – щватаби.

ГьитIинав Мурикие
ГIисинал, хъахIилкьерал
Берцинал гIертал рарал
Хьухьарал цIиндакIалги.
Гьеле гьединаб гъетIин
Бижун бугеб, хIикматаб!

Ле, лъимал, хIатIал гIицIал,
Ва чакмаял тIутIурал,
Калошал рихъ-рихъарал,
Гьеб гъотIохъе гIедегIе!

ТIомохьитал рижулин,
Макърихьитал раpщулин,
Щай нуж хаган чIун ругел,
Гьеб гъетI кин бетIулареб?

Рагь-рагьарал рахъун лъе,
Рихъ-рихъарал гIодор те,
ГъотIол мачуял ретIе,
ХIатIал квачангутIизе.

# БацIги кечIги

(маргъа)

ХIамаги, дегIенги, бечеги, хIелекоги рукIанила гъудул–гъалмагълъиялда. Цо къоялъ гъал рукIанила росдадаса дагъаб рикIкIадаб бакIалде рахъун расандулел. Араб лъачIого къоги ун, къаси сордо тIаде щванила. Бакъвараб гIучI-мучIги бакIарун, гъелда цIаги гъун, цIадуда сверухъе ракIарун хинлъулел рукIанила гъал.

ДагIница бицанкIаби чIвалел рукIанила. ХIелкица кечI ахIулаанила, рече гъазухъ гIенеккун букIанила, хIама цIадуда сверун лъугъун, гьелъул тIалабалда букIанила.

ЦIадуда сверухъ бакI къалъкъалъун, къад къо гIадин букIанила, дагъаб добегIан бецIаб, канлъи бихьулареб сордо букIанила. Цо заманалдасан гъазда рагIанила цо гъаракь.

– Вай, бецIлъи щиб дунялалъул. Квачаца холеб дун хинлъизе биччай, – ан ахIделаго, тIаде бачIанила бацI.

ХIамаги, дегIенги, бечеги, хIелекоги цIакъ хIинкъанила, амма гъаз бацIида хIал лъазе биччачIила.

– Мун гьедигIан квачан батани, бачIа дурго хинлъизе цIадухъе, дуеги гIелин гъаниб бакI, – ан абунила гъаз.

ЦIадухъ лъикIаб хIалалда хинлъанила бацI, цинги гьалда ракIалде щванила тIубараб къоялъ кваназе жоги щвечIого, жибго бакъун букIин. Гъазул киналдасандай кваназе байбихьила абун, лъикIаб хIалалда хал гъабунила гъалъ хIамилги, дагIниги, бачилги, хIелкилги.

– Щай нуж, ахIулеб букIараб кечIги чIезе тун, дихъ ралагъун чIарал? Ворея, цо чагур кьея дихъе, – ян абунила бацIица. Кьунила бацIихъе чагур.

Чагуралъул чIвабзаздаги кIутIулаго, бацIица гъадин ахIанила:

– ХIелеко кьара буго,
ЛъикIаб квине жо буго,
Байбихьилищ гьелдасан?
Далай, далай, далалай!

ДегIенги квешаб гьечIо,
Гьебги радалквен буго,
Гьелдасанги бегьила
Байбихьизе, даладай!

Валлагь, бечеги буго
Мохмох гIадаб кьарияб,
Къаси кваний бегьила,
Далай, далай, далалай!

ХIамайилан абуни,
Гьеле дие къаде квен,
Гьелдасан байбихьизан,
Далай, далай, далалай.

БацIица ахIулел кочIол рагIаби жиндирго хIакъалъулъ рукIин бичIчIараб хIамица, рекIелъе бачIараб хIинкъиги бахчулаго, бацIида абунила:

– Кьея дихъеги чагур, цо дица ахIулеб куц дудаги рагIизе, – ян ва, бацIихъа чагурги босун, кIутIулаго гьелдагун, гъадин ахIанила:

– Кина-щинабго гуреб
Къвадекваний бегулеб,
ЧIвалеб дур кIал щанкIлица,
Далай, далай, далалай!

ТIаде дагIницаги жубанила:

– БегIераб лълъурдул тункун,
Чехь дицаги бихъила,
Дунги хIинкъун чIеларо,
Далай, далай, далалай!

ХIелкица хIанила:

– БацIил берал рахъила,
Беццаб хIехьлъун гьабила,
БачIа дида аскIобе,
Далай, далай далалай!

Киназухъго гIинтIамунги букIун, тIарамагъада бохуца холаго бачиацги тIаде жубанила:

– Дунги нужей хIалае
ХIадур буго бахъине,
ХIинкъуге нуж бацIикьа,
Далай, далай, далалай!

Киназго ахIулеб кочIол магIнаги бичIчIун, бацI хIинкъанила ва гьениса лъути бахъинабунила. Рохуца холаго ахIделел, пештIелел хIамаги, дегIенги, хIелекоги, бечеги рукIанила.

Гьелдаса хадур гьал бацIиде гьабураб кечI ахIизе зама–заманалдаса цIадухъе ракIарулаанила.



**Расул БахIамадов**
*(даргиязул хъвадарухъан)*

# Темирбулатил талихI

**(маргъа)**



– Щиб гьабизе кколеб инсанас талихIавлъун вукIине ккани? – ан гьикъана Темирбулатица цо гIакъиласда.

– Къварилъи ккарасе кумек гьабизе ккола, – ян жаваб кьуна гIакъилас.

«Ина дун дунял сверизе, – абун ракIалде ккана Темирбулатида, – къварилъиялда ватаравщинасе кумек гьабила, дие талихIавлъун вукIине бокьун буго». Ва гьев ана дунял сверизе.

БукIана цIорораб хасел. Цо рагIал-ракьан гьечIеб хуриве щварав гьасда, циндаго бихьана квачан холеб цIум. Темирбулатица цIум хинлъизабуна ва боржине биччана. Боржун унаго, цIудуца гьесие жиндирго цо хIули тана ва абуна:

– Нагагь дуе дир кумек къваригIани, гьаб каранде къай, хIухьел биччан, гьаб хинлъизабе – дун гьебсагIаталъ дуда аскIобе щвела.

Темирбулатица чвантиниб лъуна хIули ва цевехун ана. Гьев щвана ралъдал рагIалде ва бихьана гьениб холеб бугеб цо кIудияб ччугIа.

– Щиб дуе ккараб? Щиб кумек дица дуе гьабилеб? – абун гьикъана Темирбулатица гьелда.

ЧчугIида кIалъазе кIолеб букIинчIо, гьелъ жиндирго кIал рагьана ва, гIолохъанчиясда бихьана гьелъул мукъулукъалда къараб ракьа, ракьа сверун бугеб квешаб ругъунги. Темирбулатица ва ракьа нахъе бахъана ва ругъун бацIцIад гьабуна.

– А гьанже, лъедезе дурго ралъдалъе!

ЧчугIица гьесухъе кьуна жиндирго тIомалда рукIунел гIарцул кьерал, гургинал хъалал ва абуна:

– Нагагь дуе кумек къваригIани, гьал гIарцулал хъалал каранде къай, тIаде хIухьел биччан, гьал

хинлъизаре – гъебсагIат щвела дун аскIобе.

Темирбулатица гьелги лъуна жиндирго чвантинир, цIудул хIулиялда аскIор ва ана цевехун. Дербенталъул ахазул рагIалде щваравго, гьесул берречIчIана, хIетIеги лъукъун къваридго бугеб царада ва гьикъана гьелда:

– Дуе лъугьараб щиб, цер? Дица кумек гьабилагури дуе!

Темирбулатица гьелъул хIатIидаса гулла бахъана ва цараца баркала кьолаго, гьесухъе кьуна жиндирго рачIчIалдаса тIураб квасул нухи:

–НагагьдуедиркумекхIажалъани, гьаб каранде къай, хинаб хIухьелги биччан, гьаб хинлъизабе – дун гьеб лахIзаталъ щвела духъе.

Гьеб квасул нухиги дол цоязда акIоб лъун, Темирбулат шагьаралдехун валагьун вилълъана. Гьениб гьесда бихьана цIакъ хIинкъараб сурат: хъалаялъул рагъида гIодой чIун йикIана кутакалда берцинай ханасул ясПариханум. Рагъиялда гъоркь, хъалаялъул къадазда кьабгIарал меседил магIазда ван букIана бетIер къотIарав 39 гIолохъанчи. Гьезул хIатIазукье рехун рукIана гьезулго бутIрулги. Гьел гIолохъаби рукIана Парихану жидее гьаризе рачIарал чагIи. Гьезул щивав ханасул ясалъ тIамулев вукIана жиндасаго вахчизе, ватулареб хIалалда. Нагагьлъун ватани – гьесул бетIер къотIулеб букIана ва гьел меседил магIида балеб букIана. Нагагь рахчаразул цонигияв ватичIого хутIани, Перихан гьесие росасе ине йикIана.

Темирбулатида ракIалде ккана: «Гьаб хъалаялъул къедалда жеги гIемералчIороголмагIалхутIунруго, гьай ханасул меседоца жеги чанги васал ратIа гьарила гIумруялдаса?! Гьеб ккола кIудияб балагь. Дица хIалбихьила гьел пакъирал хвалдаса хвасар гьаризе...»

Темирбулат ана вахIщияй ханасул ясалъухъе.

– Щай мун вачIарав? Щиб къваригIун? – абун гьикъана Паримеседоца гьесда.

– Дун вачIун вуго мун къваригIун.

– Дуда гьал бутIрул къотIарал рихьулищ, мунги ккезе бегьула гьазда гьоркьове, лъикIго ургъун вихье.

– Мун гIадай хIурулгIиналъе гIоло рухI кьезегицин хIадурав вуго дун, – ян жаваб кьуна Темирбулатица гьелъие.

Ханасул ясалъе гьесул жаваб рекIее гIуна.

– Нагагьлъун дида мун ватизе кIвечIони – дун дур йиго, мун дир вуго. Метер гьабго заманалда вачIа гьаниве.

Темирбулат шагьаралъул рагIалдехун вилълъана, цинги чвантинисаги бахъун, жиндирго хIухьелги речIчIизабун, хинлъизабуна цIудул хIули...

– Кье дие дурго буюрухъ, - ан абуна цIумалъ гьасда.

– Метер гьабго заманалда дун вахче дуца! Нагагь ханасул ясалда дун ватани – дир бетIер къотIула.

– Ватизе гьечIо, – ян ракIчIун абуна цIудуца.

Гьелъ жиндирго мугъалда рекIинавуна Темирбулат ва зодобе боржун ана.

Париханум, дурнабиги бераздa чIван, киса-киего ялагьулей йикIана: я ракьалда тIад, яги ралъдалъ – кивниги гьадав гIолохъанчи вукIинчIо. Нахъойги лъикIалаго зодихъе ялагьарай гьелда вихьана цIудул мугъалда рекIарав Темирбулат.

МаркIачIул гIужалда гьав багьадур ханасул ясалда аскIове вачIана.

– Ватанищ? – абун гьикъана гьес, живго бергьиналда ракIги чIун.

– Ватана.

– Кив?

– Зодов вукIана, цIумалъул му-

гъалдаги рекIун. Мун бахIарчияв вас вихьула дида, гьединлъидал дица изну кьолеб буго дуе цойги нухалда дидаса вахчизе.

Темирбулат ралъдал рагIаладе щвана ва чвантинисаги бахъун, тIомалъул кесек, хIухьелги чIвазабун, хинлъизабуна.

— Дур буюрухъ? — абун гьикъана ччугIица гьеседа.

— Метер гьабго заманалда дуца дун вахчизе ккола, нагагь ватани, дир бетIер къотIизе буго.

— Ватизе гьечIо, — ян рагIи кьуна ччугIица гьесие. Ва жиндирго цабзазукь гьевги ккун, ралъдахъехун гIедегIана.

Париханум ялагьана киса-киего: мугIрузде, зобазде ва ралъдалъе, амма кивниги ватизе кIвечIо гьелда вас. Циндаго цо кIудияб ччугIаялъ жиндирго кIал рагьана гьитIинаб ччугIа кваназе, гьебсагIат ханасул ясалда вихьана гьелъул кIалдив Темирбулат. «Унго, вукIун вугев бахIарчи гьав вас!» — абун гIажаиблъана яс.

МаркIучIул гIужалда бахIарчи Парихунумихъе вачIана.

— Ватанищ? — абун вохуца холаго гьикъана гьелда Темирбулатица, гьаб нухалдани гьелда жив ватунгутIиялда кутакалда ракIги чIун.

— Ватана, — ян бетIер кIибикIана ханасул ясалъ.

— Кив?!

— Ралъдал тIиналда, ччугIил кIалдив. Дица дуе кьела лъабабилебги изну вахчизе.

Темирбулат Дербенталъул рагIалде щвана, гьенир рукIана берцинал ахал. Гьаб нухалда гьес чвнтинисаги рахъун, карандеги къан, тIаде хIухьелги биччан, царал расал хинлъизаруна. ГьебсагIатго бекерун аскIобе щвана цер.

— Щиб къваригIараб жо? — абун цIехана гьелъ васасда.

— Метер гьабго заманалда вахче дун. Нагагь ватани — дир бетIер къотIизе буго.

— Ватизе гьечIо, — ян абуна цараца.

Цер, циндаго бечедай базарганалде сверана, Темирбулат абуни сверизавуна берцинаб матIуялде. Цинги гьей базарган-цер ана ханасул ясалъухъе ва абуна:

— Чан бахIарчияв вас хварав мун сабаблъун! Дуца гьезул бутIрул къотIеян буюрухъ кьуниги, мун талихIайлъун лъугьинчIо, дурго талихI къана гурищ. Дица дуе сайгъат гьабулеб буго гьаб берцинаб матIу, гьалъ гурони мун талихIайлъун гьайизе гьечIо. Меседил рамка гьабеян абе дуца гьалъие, ва цинги дуда батила гьанжелъизегIан балагьулеб букIараб талихI.

Париханумица йохуца холаго къабул гьабуна сайигъат. МатIуялъе меседил рамка гьабулагоги гьелъ вас валагьулаго гелана киналго мугIрулги, щобалги, зобалги, гIоралги, ралъадалги — амма кивниги гьев ватичIо.

Цинги цо къоялъ гьелъухъе босун бачIана меседалъ сверун къачIараб матIу ва Париханумил беразда цебе матIу Темирбулатиде сверана.

— Гьаб нухалда ватичIо гури дуда дун! — абун вохун ахIана Темирбулатица.

МатIу сверун букIараб меседил гор баргъичалде сверана. Гьеб гьасул сайигъат букIана ханасул ясалъе. КватIичIого гьел рос-лъадилъун лъугьана. Ва гьезие гьарурал лъималазул гIемерлъиялъ Дербенталда гIадамазул къадарги лъалаго цIикIкIана.

Гьалеха, къваридазе ва пашманазе кумек гьабуни, ахир-къадги чиясда батула талихI.

*Буссинабуна ПатIимат ГIабдурахIмановалъ*

# Унсоколо районалъул гІолел туристазул станция: тІадеги лъайкьеялъул тадбиразда
















# Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

1/2019

январь – февраль

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

Регистрационный номер
ПИ №ТУ05-00348 от 01.12.2016г.
выданный управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
Мурад Ахмедов

**Редколлегия:**
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталибов

Формат 60х84 $^{1}/_{8}$.
Уч. изд. л. 3,27.
Уч. печ. лист 3,26.
Бумага офсетная.

Выход в свет 12.03.2019 г.
Тираж 1288 экз.
Заказ № 332.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.